



Advocates for Children of New York

Protecting every child's right to learn

Enfòmasyon Edikasyon Espesyal nan Lang Pa m nan

Fich enfòmasyon sa a fèt pou paran ki pale yon lòt lang ki pa anglè epi ki gen pitit ak andikap ki se elèv nan sistèm lekòl leta vil Nouyòk la

Èske m gen dwa ak sèvis tradiksyon epi entèpretasyon?

Si w pale yon lòt lang ke anglè epi pitit ou resevwa sèvis edukasyon espesyal, ou gen dwa pou w mande pou yo ba w tradiksyon pou tout dokiman ki gen rapò ak pwogram edukasyon espesyal pitit ou a. Ou gen dwa tou pou w mande pou w gen yon entèprèt chak fwa w gen pou w reyini ak responsab lekòl pitit ou a epi nan lòt reyinyon ansanm ak Depatman Edukasyon an (DOE).

Tout paran ki pale yon lòt lang ki pa Angle gen dwa pou jwenn sèvis tradiksyon ak entèpretasyon gratis pou yo ka kominike ak lekòl pitit yo ak lòt biwo DOE, menmsi pitit yo pa gen andikap.

Nan ki lang mwen ka resevwa sèvis tradiksyon ak entèpretasyon?

DOE dwe bay tradiksyon enfòmasyon edukasyon espesyal nan nèf lang ki pi komen yo lè paran yo mande sa.

DOE ka bay paran yo entèpretasyon an pèsòn oswa nan telefòn. Nan telefòn entèpretasyon an disponib pou Tout lekòl yo ak biwo DOE yo nan plis pase 300 lang.

Nèf lang plis paran pale nan vil la se :

Arab • Bengali • Chinwa •
Fransè • Kreyòl Ayisyen •
Koreyen • Ris • Panyòl •
Oudou

Ki dokiman edukasyon espesyal DOE pral tradui pou mwen?

Si w mande l, DOE ap tradui:

- IEP (oswa Pwogram Edukasyon Endividyalize);
- Plan Seksyon 504; epi
- Evalyasyon.

DOE pral tradui dokiman sa yo tou san ou pa bezwen mande yo:

- Lèt ki envite w nan reyinyon edukasyon espesyal (pa egzanp, reyinyon IEP, istwa sosyal);
- Lèt ki mande konsantman w (pa egzanp, konsantman pou evalye pitit ou a, konsantman pou pitit ou a resevwa sèvis edukasyon espesyal);
- Avi alekri anvan;
- Otorizasyon sèvis ki gen rapò (RSAs);
- Lèt Nickerson (PI);
- Enfòmasyon sou pwogram edukasyon espesyal (pa egzanp, pwogram ASD, pwogram ACES, edukasyon espesyal bileng, edukasyon espesyal preskolè); epi
- Avi sou Pwoteksyon Pwosedi a (enfòmasyon sou dwa w antanke paran yon elèv andikape).

DOE ta dwe tradui dokiman edukasyon espesyal pitit ou a nan 30 jou apre ou mande yo.

Kouman mwen ka mande tradiksyon dokiman edikasyon espesyal?

- Ranpli fòm Demann Tradiksyon IEP a sou Entènèt nan www.schools.nyc.gov/IEPhello (pou IEP sèlman)
- Rele (718) 935-2013;
- Imèl Hello@schools.nyc.gov; oswa
- Mande yon tradiksyon de yon dokiman espesifik nan lekòl pitit ou a oswa nan nenpòt lòt biwo DOE kote ou gen yon rankont pou pale sou edikasyon espesyal pitit ou a, pa egzanp, nan yon Komite pou Edikasyon Espesyal (CSE). Si w ap fè demann lan nan lekòl pitit ou a, ou ta dwe dirije li bay direktè a, sikològ lekòl la, oswa kowòdonatè paran an. Ou ta dwe fè demann lan alekri. Se yon bon lide pou kenbe yon kopi demann lan alekri pou pwòp dosye ou, ak dat ou te fè demann lan.

NÒT :

DOE ta dwe tradwi dokiman edikasyon espesyal pitit ou yo **nan mwens ke 30 jou aprè w mande tradiksyon an !**

Kilè DOE pral bay Mwen yon entèprèt ?

DOE pral ba ou yon entèprèt nan:

- Reyinyon istwa sosyal;
- Reyinyon IEP;
- Reyinyon Seksyon 504;
- Odyans san patipri;
- Reyinyon Plan Entèkansyon Konpòtman (BIP) ;
- Reyinyon Komite Edikasyon Espesyal (CSE) ak Komite Edikasyon Espesyal Preskolè (CPSE); epi
- Reyinyon Revizyon Detèminasyon Manifestasyon (MDR)

Ki moun ki ta dwe entèprèt mwen nan reyinyon edikasyon espesyal?

Entèprèt nan reyinyon edikasyon espesyal ou yo ta dwe yon moun net. Entèprèt la ta dwe nan reyinyon an sèlman pou sèvi kòm entèprèt epi li pa ta dwe jwe lòt wòl. Yo pa ta dwe di w pou pote pwòp entèprèt ou. Yo pa ta dwe mande pitit ou entèprete pou ou.

Ki moun mwen ka kontakte si mwen gen pwoblèm pou resevwa tradiksyon ak entèpretasyon, oswa si mwen pa te resevwa dokiman edikasyon espesyal yo tradui 30 jou apre mwen te mande yo?

- Imèl Hello@schools.nyc.gov;
- Rele (718) 935-2013;
- Aprann kijan pou depoze yon plent nan www.schools.nyc.gov/hello;
- Rele 311; oswa
- Rele Liy Èd AFC a: 1-866-427-6033, Lendi jiska Jedi soti 10am jiska 4pm.

Avoka pou timoun nan New York, Inc.

151 West 30th Street, 5yèm etaj, New York, NY 10001
Liy Èd pou Edikasyon Jill Chaifetz : 1-866-427-6033 (gratis)
Lendi jiska Jedi, 10am jiska 4pm
www.advocatesforchildren.org

Fèy Konsèy sa a pa reprezante konsèy legal. Fèy Konsèy sa a eseye rezime règleman oswa lwa ki egziste deja san li pa bay opinyon AFC. Si w gen yon pwoblèm legal, tanpri kontakte yon avoka oswa yon defensè.
Copyright © Desanm 2021 pa Advocates for Children of New York, Inc.